



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 15 out 2012

## **GOUVÈNÈ CUOMO OGANIZE PREMYE SOMÈ SOU YOGOUT NAN ETA NEW YORK**

### ***Entèvenan Diskite Kwasans Pa Mache ak Kreyasyon Djòb***

### ***Eta Anonse Premye Pa pou Ede Pwodiktè Letye ak Pwodiktè Yogout***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te òganize premye somè sou Yogurt nan New York pou l te tande lidè, fèmye ak lot pati konsène nan endistri a pou ede garanti kwasans endistri yogout la ak kreyasyon djòb nan New York.

Depi lane 2000, kantite izin kap fè yogout nan New York te ogmante soti 14 rive 29 jodi a. Soti 2005 rive 2011, izin yogout nan New York double nan prodiksyon. Pandan menm peryòd la, kantire lèt ki itilize pou fè yogout nan New York ogmante anpil anpil lè l pase 158 milyon liv rive apepre 1,2 milya liv. Pi fò ogmantasyon nan pwodiksyon yogout se kòz entwodiksyon ak pwodiksyon yogout stil Grèk, ki mande twa fwa plis lèt pase yogout tradisyonèl la.

Nan lane 2011, fabrikan pwodi letye New York te anplwaye 8.070 moun ak yon salè total egal \$414 milyon, yon 14 pousan ogmantasyon soti ane 2005. Ogmantasyon gradyèl pwodiksyon yogout nan New York te gen yon efè pozitif sou biznis nan tout eta, pa sèlman pou endistri yogout la, men tou pou fèm letyey, izin pwodiksyon ak kominote lokal atravè New York.

Pwodiksyon ak transfòmasyon letye konbine prezante yon enjeksyon total egal \$8,9 milya nan ekonomi New York. Anplis, yon djòb nan sektè agrikòl kreye pou chak 40-50 vach ki ajoute. Pou chak nouvo djòb ki kreye nan yon fèm letye, yon lòt 1,24 djòb kreye nan kominote lokal la. Epi pou chak djòb ki kreye nan endistri transfòmasyon letye, 5,72 djòb kreye annamon.

“Endistri yogout la se yon vre istwa siksè nan New York epi somè yogout jodi a se yon bèl egzantp jan gouvènman eta prale pi wo ak pi lwen pou travay aktivman ak endistri a pou ede l devlope nan New York ak kreye djòb nan New York,” te di Gouvènè Cuomo. “Antanke yon gouvènman ki gen lespri antrepriz, nou mennen tout pati konsène yo sou menm tab la pou ede endistri letye ak pwodiktè yogout yo amelyore relasyon yo nan avantaj konpayi yo ak eta a. New York pral fè sa l konnen pou fasilite yon patenarya solid, ak pwospè. Nou vle biznis yogout la mache byen, epi kontinye pwospere nan New York.”

Anpil lide te prezante ak brase nan somè a. Kòm premye pa dyalòg kontini an ak endistri a, Gouvènè Cuomo te anonse nan Somè a leta pral antreprann nouvo aksyon pou ede fèmye letye ogmante kantite

Haitian Creole

twoupo yo epi pakonsekan ogmante pwodiksyon pou asire boum ekonomik yogout la ap kontinye nan New York. Sa pral fèt ak chanjman regilasyon eta yo pou pèmèt pi piti fèm yo gen plis vach pandan y ap egzante pase nan kèk pwosesis otorizasyon.

Dapre enstriksyon Gouvènè a, eta a ap pwopoze ogmante plafon Concentrated Animal Feeding Operation (CAFO) la soti 200 rive 300 vach letye. Sa vle di ti fèm letye pral kapab ogmante twoupo yo epi anmenm tan y ap egzante de egzijans penib ti fèm yo ap konfwonte lè yo gen plis pase 200 tet bèt. Kou pou respekte egzijans CAFO a ka rive kèk santèn milye dola, sa ki rann ekspansyon pa feزاب ekonomikman. Nouvo regilasyon sa a pral ede fèm yo ekonomize lajan sa ki pèmèt yo devlope ak kreye djòb. Gen plis pase 800 fèm letye ak 100-199 vach ki ka benefisye refòm sa epi ogmante pwodiksyon lèt pou fabrikan yogout. Farm Bureau an estime si sèlman 10 pousan nan fèm sa yo ajoute 100 vach nan twoupo yo, pwodiksyon lèt tap ogmante plis pase 160 milyon liv l lèt chak ane. Ogmantasyon nivo CAFO a ka fèt pandan y ap toujou garanti pwoteksyon anviwonman an.

Anplis, Eta a pral travay ak endistri letye ak yogout yo pou bese kou enèji ak yon ogmantasyon ak ankourajman pou konstrisyon ak itilizasyon dijestè anaewobik ki transfòme dechè ki pwodui sou fèm lan an enèji fèm yo ka itilize. Sa pa sèlman pèmèt fèm yo jere gwo kantite dechè vach yo pwodui pi fasilman, men tou li ekonomize lajan sou kou enèji lè li fè dechè yo tounnen yon sous enèji renouvlab. Dijestè yo pwodui tou elekrisite sou sit la, sa ki konpanse acha elekrisite pou fèm lan ak reducing kou enèji.

New York Power Authority a pral travay ak fèm yo ak fabrikan pou detèmine feزابlite konstrisyon dijestè anaewobik nan tout eta a pou izin ak fèm ki pa gen mwayen pou achte youn. Anplis NYPA pral eksplòre nouvo ensantiv pou ede pi gwo fèm konstwi pwòp djestè pa yo.

Wo responsab administrasyon, sou direksyon Sekrete Gouvènè a Larry Schwartz, pral reyini ak Public Service Commission an pou jwenn yon fason pou redwi kou entèkoneksyon ant dijestè ak rezo elekrisite eta a. Wo responsab administrasyon npral travay tou ak endistri pou diskite kesyon federal sa yo kap bloke kwasans letye a, devlope yon plan aksyon, epi rankontre lidè nan kongrè a pou opere chanchman.

Reyinyon jodi a se te kòmansman yon dialog manch long. Pral gen yon reyinyon swivi sou baz kesyon ki te souleve pandan diskisyon jodi a.

Lidè Majorite Sena Dean Skelos te di konsa, "Somè Yogurt Eta New York la te mete endistri agrikòl ak manifaktirye ansanm pou kominote lokal, fèm yo, biznis ak endistri letye a te ka benefisye boom yogout ki fenk fèt la. Gouvenman bezwen asosye l nan efò sa a pou ka ede kreye djòb ak devlope ekonomi nou an, pandan ya p founi konsomatè yo ak fanmi yo chwa bon mange ya p mande yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo ak Sena Seward pou sipò yo bay fèm yo ak inisyativ sa a, epi nou espere travay ak yo pou bay tout asistans ki nesèsè."

Pòtpawol Asanble Sheldon Silver te di konsa, "Agrikilti ak endistri ki anrapò ak li yo fè pati motè ekonomik pi enpòtan nan Eta New York jodi a. Nou dwe travay ansanm -- gouvenman ak biznis -- pou kenbe konpayi nou genyen yo, pou atire nouvo konpayi nan eta nou an, ak pou kenbe lespri antreprenarya kap viv ak respire nan chak konte eta nou an. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou vizyon li ak mete li mete nou tout ansanm pou twouve fason pou ranfòse endistri agrikòl New York."

Haitian Creole

Senatè James L. Seward te di konsa, “Mwen kontan Gouvènè Cuomo te gen yon enterè pasyone konsa nan eksplozyon yogurt Grèk la, epi bò pa l, te ede mete atansyon sou fèmme letye nou yo, pilye endistri agrikòl New York pou plizyè jenerasyon. Fèmme letye te lite atravè yon kantite pwoblèm ane k sot pase yo – fèb pri lèt, ogmantasyon pri manje, ak depans enèji kap monte - yo gen nouvo espwa kounye a. Li esansyèl pou nou koupe fòmalitye administratif gouvènman epi kontinye fè patenarya ak >mye nou yo pou garanti yo pataje siksè endistri emèjan yogurt la.”

Senatè Patty Ritchie, Prezidan Komite Sena pou Agrikilti, te di konsa, “Yon lòt fwa ankò, Gouvènè Cuomo ap montre 'Ouvri pou Biznis' se pa sèlman yon slogan. Repons rapid li bay pou kesyon fèmme yo poze pwouve New York serye sou è patenarya ak biznis pou ede kreye djòb, ak kontinye fe ekonomi nou an avanse. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou aksyon li jodi a, tank pou oganizasyon premye somè sou yogurt sa ak pou repons rapid li bay enkyetid fèmme yo souleve, pou biznis yo ka grandi.”

Manm Asanble William Magee, Prezidan Komite Asanble pou Agrikilti, te di konsa, “Yon pakèt bon bagay te soti nan somè sa a, epi endistri letye ak yogurt nan New York te benefisye de li anpil. Mwen felisite Gouvènè deske li te oganize la epi li te pran yon angajman solid pou mennen aksyon kap amelyore pwodisyon letye nan upstate New York.”

Rob Shea, Chef finansye FAGE, te di konsa, “FAGE kontan we gouvènè a gen entere pwoaktif nan endistri yogurt la ak femye yo ki sipote li Nou espere siksè dirab nan Eta New York.”

Robert Parkhurst, Direkte Operasyon nan Alpina, te di konsa “Alpina onore pou patisipe nan somè yogurt jodi a, epi li fyè deske li te enstale premye manifakti ameriken nou nan Batavia, N.Y. Alpina angaje l pou l kreye pwosperite pou tout moun, tout kote nou fè pati yon kominote. New York pa pral fe eksepsyon. Grasa sipo eta a, konpayi tankou Alpina pral kontinye seek out New York, epi tout endistri isit la pral pwospere.”

James McConeghy, Chief Financial Officer nan Chobani, te di konsa, “Nou ta renmen remèsye Gouvènè a ak administrasyon li a pou sipo yo ak pou envitasyon li fe nou jodi a. Antanke premye vande yogurt brand, nou santi nou onore deske nou nan reyinyon sa epi deske nap travay ansanm ak femye ak moun New York yo pou devlope ekonomi eta a.”

Kerry Adams, pwopriyete Black Brook Farm, te di konsa, “Antanke yon dairy farmer Mwen felisite Gouvènè Cuomo deske li rekonet agrikilti kom endiri nimewo en nan eta New York. Mwen di l mesi pou volonte l pou genyen yon dyalog ouve ak tèt ansanm ak fèmme ak endistriyèl.”

John Noble nan Noblehurst Farms Inc., te di konsa, “Le li mete ansanm sekte dairy eta a ak lide gouvènman an, Gouvènè Cuomo ap kreye yon kad pou pemet endistri a devlope yon vizyon komen. Yon vizyon ki alafen mennen kreyasyon djòb, ranfosman kominote lokal ak pwoteksyon anviwonman an. Yon vre moman ‘New NY’.”

Dean Norton, Prezidan New York Farm Bureau, te di konsa, “Genyen exciting challenges ki pou met nan endistri letye New York, and GouvènèCuomo is leading the way to provide real change ede femye nou

expand fem yo and grow their biznis yo. Lide pou diminye regilasyon ak kenbe an menm tan nom anviwonmantal strong rantre nan plan Gouvène ki se New York louvri pou biznis.”

Prensipal pwodikte yogurt ap kreye ak etann operasyon nan tout eta a—Chobani nan Southern Tier la, Fage Mohawk Valley a, izin Upstate Niagara fenk achte nan North Country a, ak pi lotre jou lay, Alpina ak Muller Quaker nan Finger Lakes yo. Desizyon envestisman nan djob ak endistri se yon vot konfyans solid nan Empire State la antanke premye kote pou fe biznis.

dairies New York dairies diferan anpil ak gwo gwo dairies nan Lwes Etazini. Yon fem nan New York konsidere kom gwosi li depase 1.000 vach, aloske li pa ra pou fem nan West genyen 7.000.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418